







Handwritten text in Indonesian script, likely a form or document related to the lottery, containing names and numbers.

Handwritten text in Indonesian script, likely a form or document related to the lottery, containing names and numbers.

# TREKKINGSLIJST

## Lotrij ageng kanggé kapreloewanipoen

Indische Maatschappij voor Individueele Werkverschaffing te Batavia-Centrum c.s.

*Kagebag nalika tanggal 16 Februari 1934 ing Betawi.*

Hoofdprijs f 100.000.— (kabajar resik f 78200.—)	No. 8729	20733	20737	20790	20898	20951	20960	21049	21079	21300
( 1/4 lot " 19550.—)		21327	21372	21444	21598	21628	21634	21655	21671	21726
1 Prijs saking „ 50.000.— (kabajar resik f 39100.—)	No. 48572	21800	21830	21831	21865	21895	21914	23466	23491	24030
( 1/4 lot „ 9775.—)		24186	24209	24538	24554	24582	24635	24642	24694	24842
1 „ „ „ 25.000.— (kabajar resik f 19550.—)	No. 5367	24908	24938	25068	25308	25339	25368	25378	25518	25529
( 1/4 lot „ 4887.50)		25532	25537	25615	25729	25855	25962	25984	27235	27286
1 „ „ „ 10.000.— (kabajar resik f 7820.—)	No. 45347	27411	27452	27724	27834	27984	29011	29123	29209	29262
( 1/4 lot „ 1955.—)		29278	29479	29548	29662	29676	29744	29792	29809	29862
1 „ „ „ 5.000.— (kabajar resik f 3910.—)	No. 30940	29961	30074	30076	30350	30369	30477	30519	30541	30614
( 1/4 lot „ 977.50)		30642	30673	30787	31118	31235	31439	31492	31513	31587
5 „ „ „ 1.000.— (kabajar resik f 782.—, 1/4 lot f195.50)	No. 13137 17383 29178 36579 40910	31622	31646	31650	31675	31708	31901	31911	31917	31964
		32321	32524	32654	32709	32723	33043	33063	33098	33102
10 Prijs saking f 500.— (kabajar resik f 391.—, 1/4 lot f 97.75)	No. 5987 13458 19511 19888 24264 36283 38433 43926 43998 49892	33246	33404	33466	33525	33626	33764	33948	34341	34385
		34469	34529	34610	34683	34729	34762	34793	34819	34840
		35062	35110	35175	35176	35184	35343	35358	35362	35374
		35460	35509	35533	35540	35703	35722	35738	35791	35805
		35890	35917	36191	36235	36266	36626	36662	37033	37069
		37104	37105	37147	37197	37261	37326	37402	37444	37509
		37558	37708	37750	37893	38005	38036	38178	38179	38305
		38327	38536	38622	38672	38833	38868	39074	39113	39119
		39372	39407	39422	39446	39469	39630	39665	39667	39852
		39943	40101	40227	40287	40447	40514	40518	40535	40606
		40651	40661	40851	40896	41047	41101	41120	41180	41246
		41331	41367	41474	41504	41581	41634	41651	41686	41785
		41840	41944	41960	41999	42008	42038	42088	42094	42205
		42249	42281	42327	42347	42416	42530	42563	42666	42703
		42714	42752	42754	42755	42777	42822	42835	42855	43021
		43039	43161	43181	43203	43274	43393	43406	43421	43687
		43732	43784	43857	44042	44051	44058	44274	44282	44435
		44488	44518	44668	44763	44940	44951	45037	45051	45111
		45254	45264	45385	45397	45431	45503	45704	45740	45744
		45802	46042	46058	46117	46227	46432	46632	46634	46681
		46693	46889	46947	47022	47025	47266	47296	47333	47410
		47417	47632	47860	48147	48231	48317	48333	48451	48470
		48551	48705	48908	49067	49167	49299	49436	49580	49670
		49790	49792	49840	49849	49857				



















ပိတောက် (မြို့) ရှိ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

၂ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

ဝတ်စုံများဖြင့် ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

၅ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။



ပုသိမ်မြို့ရှိ ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

ပုသိမ်မြို့ရှိ ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

၃ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

၄ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

၆ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

၇ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

၈ ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းများဖြင့် ဝတ်စုံများကို ဝတ်ဆင်စေရန် ဝန်ထမ်းများ ပြုစုပေးခဲ့သည်။

(Petikan saking serat-serat kutar sanés).

## TANAH NGRIKI.

**Pangéran pènsoen.** Ing Soerakarta mentas wonten pasowanan pepak, perloe anjawoehaken, bilih K. P. H. Tjokrodiningrat kapènsoen, djalaran boten netepi wadjib.

Saweg sapisan poenika wonten Pangéran dipoen pènsoen. Lan malih pènsoen ingkang kados makaten poenika, raosipoen béda kalijan ingkang kelimrahipoen nama pènsoen, ingkang ateges kamoeljan.



Drs. Moh. Hatta.

**Njepengi warga-warga P. N. I.** Sasampoenipoen Drs. Moh. Hatta katjepeng, glédahan ing poendi-poendi teroes katindakaken. Kadjawi ing Betawi, oegi toemindak ing Bandoeng, Ngajogja, Semarang. Tjirebon toewin Soerabaja. Goenggoenging grija ingkang dipoen glédah wonten 45. Toemindak ing panggledah titi, sadaja pinanggih tentrem.

**Anggambar tanah Atjeh.** Bilih kawontenanipoen ing gegana pinanggih saé, béndjing salebetipoen woelan April oetawi Mei, badé wonten mesin maboer anggambar tanah Atjeh saking gegana. Ingkang badé kagambar Langsa, Tamiang toewin Atjeh Wétan. Tanah Atjeh poenika kapétang dèrèng naté kagambar.

**Poelisi agèn bangsa Walandi.** Polittheschool ing Soekaboemi sampoen ngedalaken bangsa Walandi 5, kadadosaken poelisi agèn, saha sampoen toemapak ing damel. Padamelan poenika kegolong saweg katembèn, wonten Walandi dados poelisi agèn kados kalimrahaning tjang siti, saha nalika pasinaonipoen wonten ing Soekaboemi inggih limrah kémawon nganggé basa Melajoe. Mirid pawartos toemindak ing damel poelisi Walandi waoe katingal dèrèng prajogi.

**Bikak siti ing Banjoewangi.** Wonten tilas poenggawa kaboe didajan bangsa Menado sawatawis gadah sedyu badé bikak siti ing Banjoewangi, satjelaking soenglon Radjeg west saktidoel redi Gendong. Pakempalaning bangsa Menado sanèsipoen inggih gadah panjoewoen dateng Paréntah pasitèn pinten-pinten atoes baos. Menggah sedyanipoen sadaja waoe badé sami nanem sajoeran.

**Pangéran Paribatra pindah dalem.** Pangéran Paribatra, pangéran Slam ingkang dedalem ing Bandoeng, ingkang roemijin manggèn ing grija séwan, sapoenika sampoen pindah dateng dalem jasanipoen pijambak.

**Toewan Djatmika.** Doemoegi sapoenika R. P. Djatmika, ingkang miroeda babagan damel arta palseo saha sampoen dipoen rampoeni kaeoem 8 taoen, meksa dèrèng ketjepeng. Ing sapoenika wonten pawartos, toewan Djatmika waoe ngatoeraken serat gratie dateng K. T. Ingkang Witjaksana saking pangoempetan, njoewoen dipoen loewari, amargi roemaos boten lepat. Manawi panjoewoenanipoen waoe dipoen parengaken, pijambakipoen kadoege dados djoeroe sandi, ingkang badé toemindak njepengi para tetjjang ingkang sami damel arta palseo toewin njepeng kempalaning tetjjang awon ingkang gadah tatanan prajogi.

**Noetoe hotel.** Hotel Tosari ingkang sampoen misoewoer dados pamondokaning para nentremaken panggali, ing sapoenika kepeksa katoetoe, amargi ing mangsa poenika awis sanget wonten tamoe ingkang rawoeh mrikoe. Hotel ingkang katoetoe waoe 2, sami ageng-ageng. Kadjawi poenika wonten satoenggal malih ingkang katoetoe, nama hotel Karla.

**Karampoenganing prakawisipoen toewan Wali Alfatah.** Prakawisipoen toewan Wali Alfatah, redaktoer Oetoesan Indonesia, ingkang kadakwa ngrémehaken asistèn wedana ing Pedan, sampoen karampoengan, dakwa kaeoem denda f 100.— oetawi oekoem badan 2 woelan. Dakwa appel.

**Prakawisipoen Groeneveld.** Raad van Justitie ing Betawi sampoen ngrampongi prakawisipoen Groeneveld, Walandi ingkang ngaken dados kepala doesoan ing bawah Tjirebon toewin nglawan dateng papréntahan. Pesakitan kaeoem kalih tengah taoen, dipoen soeda tahanan 1 taoen, dados kantoen nglampahi 6 woelan.

**Matesi lebeting kedelé.** Wonten oesoel dateng Paréntah, soepados amatesi lebeting kedelé saking tansh ngamantja, perloe badé kanggé njaekaken taneman kedelé ing tanah ngriki. Déné ingkang badé dipoen tanemi, pasitèn tilas taneman rosan.

**Katahing kéwan ingkang kapragat.** Mitoeoet pèngetan, wontenipoen kéwan ingkang kapragat ing Betawi ing woelan Januari kepengker, lemboe 1643 idji, maesa 473 idji, babi 3428 idji toewin ménda 4847 idji.

**Gođaning loterij.** Ing kantor Escompto ing Noordwijk, Betawi, kedatangan tijang nama Darmo, tjartjos manawi angsal loterij f 25.000.—. Sareng dipoen takékaken lotipoen tjartjos boten gadah. Djeboel katranganipoen tijang waoe éwah, poeroenipoen wangsoel sarana pitoeloenganing poelisi. Samanten dajanipoen loterij. Saged oegi anggèning éwah waoe djalaran saking sangeting panggagasipoen.

**Pangiridan pakoendjaran.** Kawrat kekantjangan saking directeur Justitie, netepaken bilih pakoendjaran-pakoendjaran ingkang dipoen gamblokaken, Demak katoengillaken kalijan Semarang, Temanggoeng kalijan Magetan, Poerbolinggo kalijan Poerwokerto, Karanganyar kalijan Keboemèn, Koedoes kalijan Paçi, Ngawi kalijan Madioen toewin Wonogiri kalijan Soerakarta. Pakoendjaran ingkang kasoewak waoe kadadosaken pakoendjaran distrik. Poengganipoen dipoen kèndel oetawi dipoen wachtgeld. Makaten oegi badé toemindak ing Soematra. Pangiridan poenika toemrap ing taoen 1934 angsal f 400.000.— Déné saladjengipoen ing taoen 1935 inggih ngladjengaken ngirid malih.

**Ngajomi menjawab.** Repat kaboepatèn Pandegelang gadah oesoel dateng Paréntah soepados ngajomi menjawab, bab poenika oegi dipoen sajogjani déning ingkang Boepati Tjiamis ingkang dipoen oesoelaken dateng repat kaboepatèn Tjiamis. Déné sababipoen, menjawab poenika dados pananggoelaning ama tikoës, déning damellipoen amboedjeng toewin neđani tikoës. Mitoeroet katrangan ing Indische Weekblad, ing salebetipoen woelan Augustus toewin September 1933, tjatjahing watjoetjal menjawab ingkang kasadé wonten 203.221 lembar.

**Salingkoehan ing panggaotan sarem Goepermèn.** Ingkang wadjab nindakaken paniti ing panggaotan sarem ing Madoera, ingkang dipoen tindakaken déning poenggawa Nagari tijang siti toewin poenggawa doesoën, amargi angsal-angsalanipoen soeda sanget. Kinten-kinten ing taoe 1933 ing bawah Sampang wonten tijang damel sarem 7000 kg. Woesana amanggih titik bilih para poenggawa doesoën waoe damel sarem pijambak, kařah tijang ingkang kagajoet prakawis poenika. Pinten kaptoenanipoen Nagari boten saged mratélakaken, amargi toemindakipoen sampoen tetahoenan.

**Njoeda djoeroe serat B.B. 1000.** Mitoeroet pawartos, toemrap djoeroe serat djoeroe serat B.B. ing tanah Djawi toewin Madoera bađe kasoeda 1000. Toemrap Djawi Wétan kémawon wonten 450. Soedan poenggawa samanten poenika namoeng pinanggihing pepétangan soedaning arta ingkang medal boten sakedik, Mitoeroet pepétangan kala ing taoen 1933 rantaman ing babagan poenggawa poenika, wonten f 2.436.000.—

**Lotrij ingkang dados awisan.** Pangadilan ing Bandoeng mentas mriksa prakawisipoen tijang dagang nama G., kadakwa sadé loterij arta Iris Sweepstake. ingkang kapétang kalebet ing awisan. Dakwa kaoekoem denđa f 20.— tirahanipoen lot 72 kabeskoep. Dakwa narimah.

**Rawoehipoen Dr. Colijn ing tanah ngriki.** Kawartosaken, bilih Dr. Colijn satstoe rawoeh ing tanah ngriki wonten salebetipoen woelan Mei. Wontenipoen ingriki 14 dinten, rawoeh toewin wangsoelipoen nith motor maboer.

**Réwelan babagan soentikan majit.** Pangrèhpradja ing Madjalengka roemaos pakéwed anggèning nindakaken soentikan majit, amargi kařah tijang ingkang ngalang-alangi, amargi wonten tijang sami njarjosi bilih soentikan poenika boten toemindak ing poendi-poendi, toewin kapala doesoën poenika sami angsal épahan, soepados ngadjengaken soentikan. Ingkang wadjab ladjeng nindakaken ririgen saperloenipoen.

**Commandant Militair dipoen kéndeli.** Kawartosaken, Luitenant Kolonel C., plaatselijk militair commandant ing Soerabaja, dipoen kéndeli saking padamelanipoen, amargi kalepatan kisroeh babagan arta ingkang dados tetanggelanipoen.

**Pangdjaran tetanèn ing doesoën.** Sampoen sawatawis woelan ing Sanden toewin ing Pakem, Ngajogja, dipoen wontenaken woelangan tetanèn. Ingkang kénging mlebet ing pamoelangan waoe laré wedalan pamoelangan Standaardschool toewin pamoelangan waoe ingkang dipoen adjari tetanèn. Pamoelangipoen saben sonten. Boten kakéngingaken bajaran.

**Dipoen paringaken wangsoel dateng tijang siti.** Toewan Schwencke, asisten resident terbeachikking ing Djawi Kilèn sampoen nindakaken papriksan siti ing Koeningan ingkang dipoen anggé déning Groeneveld, bangsa Walandi ingkang ngaken dados kepala doesoën. Siti-siti waoe ladjeng bađe dipoen tampékaken dateng tetijang ingkang gadah roemijin namoeng lelahanan.

**Mr. toewin Dr. énggal.** Béndjng tanggal 8 woelan poenika Dr. Oey Kim San toewin Mr. T. Hasan dateng saking nagari Walandi noempak kapal St. Aldegonde. Kalih pisan waoe sami wedalan saking nagari Walandi.

**Salingkoehan ageng-agengan.** Secretaris Middenstandsvereening toewin beheerder Incasso-Hulpbank ing Ngajogja nama toewan H. J. de Bruyn, njalingkoehaken arta f 50 000.—. Toewan waoe ladjeng sowan dateng ingkang wadjab asrah kalepatan.

**Ngakeni failliet.** Firma ingkang sampoen lami ing Semarang, N. V. Soesmans-kantoor, gadah paneđa dateng Raad van Justitie, soepados dipoen tetepaken failliet kémawon. Paneđa waoe oegi dipoen sembadani.

**Bena ing Kaliwoengoe.** Sasreplipoen bena ageng ing distrik Kaliwoengoe, Kendal, pinanggih kařah pesabinan sarta tambak bandeng ingkang sami poesa. Sabin dérèng wantjinipoen ladjeng katradjang bena ngantos 4 dinten 4 daloe, itjalipoen toja ladjeng kateda ama tikoës oetawi menčèk. Déné tambak sami itjal toewoehipoen (oelamipoen) oetawi pinanggih pedjah wonten ing lèpèn, sanèsipoen sami katoet déning bena. Ing taoen poenika tetijang ing bawah distrik Kaliwoengoe sami nanđang soesah. (P.)

## ASIA.


**Soedan blandja ing nagari Indoe.** Kawartosaken, ing Ahmendabad wonten poenggawa pabrik tenoen tjatjah 70.000 ing pabrik tenoen 70 panggénan, sami bađe dipoen soeda blandjanipoen 25%, manawi boten poeroen bađe dipoen kéndeli babar pisan.

**Tjatjahing tijang anggoeran ing Canton.** Ing Canton pinanggih wonten tijang anggoeran 10.000, tjatjah samanten waoe saweg pinanggih ing sasampoenipoen taoen énggal, amargi kařah panggaotan sami toetoep.

## AUSTRALIË.

**Pogokan wadya laoetan Australië.** Wonten pawartos saking Melbourne, bilih ing kapal perang Canberra ingkang wonten admiralipoen, nalika noedjoe mlampah saking Tasmanie dateng Sydney, poenggawanipoen sami boten mitoeroet, minangka panjereg anggèning teđanipoen boten étja. Makaten oegi wadya laoetan Jervisbaal, kaprenah sawétan Australië, oegi sami bađe mogok.

## EROPA.



**Djoemenengan Nata ing België.** Ing tanggal 23 woelan kapengker, Pangéran Adipati ing België kadjoemenengaken Nata djedjoeloek Leopold III. Srinata énggal nith kréta karadjan saking kađaton Laeken dateng geđong parlement, dipoen djenengi para warga kamer toewin para pangageng pradja sanès ingkang dateng ing Brussel. Srinata anampeni soempah setya dateng grondwet België, toewin apradjandji bađe ngloehoeraken kamardikaning karadjan België. Saladjengipoen Srinata nedya noelad lelabetanipoen para Nata ingkang sampoen.

